

## LIS VERIFIKASYON EVAKYASYON

Minè ki pa akonpaye yo (timoun ki poko gen 18 an)

- Deside si w ap evakye pitit ou apre yon dezas (san yo pa akonpaye pa yon paran oswa gadyen legal) se pi bon chwa pou sekirite fanmi'w.
- Pale ak pitit ou a (yo) sou santiman yo ak enkyetid yo si yo ta vle evakye.
- Asire ke moun kap bay swen tanporè a, souvan se yon mamm fanmi oswa zanmi pwòch, oubyen yon moun ki responsab epi ou fel konfyans.
- Fè yon diskisyon klè ak moun kap bay swen tanporè a, de sije de ki moun ki responsab pou kisa, konbyen tan pitit ou a ap rete avèk yo, ak lòt demann ant timoun nan, paran yo, ak moun kap bay swen tanporè.
- Mete dokiman enpòtan pitit ou a, tankou batistè ak paspò, nan yon sak ki pwoteje dokiman kont dlo pou yo ka vwayaje san danje. Fè kopi dokiman sa yo epi kenbe yo avèk ou.
- Kreye yon dosye ak enfòmasyon pèsònèl kritik sou pitit ou yo, tankou enfòmasyon sou sante timoun nan. Ou ta dwe bay kopi dosye sa bay pitit ou a lè li ap vwayaje, oubyen moun kap bay swen tanporè, ak kontwòl fwontyé.
- Apre yon dezas, si ou chwazi pou evakye Timoun ou yo, yo pral mande w ranpli epi soumèt dokiman konsantman vwayaj, ki disponib nan pwen evakyasyon tankou kontwòl fwontyé.
- Si paran yo vle transfere gadyen legal tanporèman bay pati k ap resevwa timoun nan, Tribunal Gadyen an ka fasilité sa.
- Kontinye komunikasyon ouvè ak Timoun ou (yo) anvan ak apre evakyasyon pou ede yo santi yo an sekirite. Planifye sou fason yo ka jwenn ou lè timoun nan evakye.
- Kontakte Tribunal Gadyen an pou w poze kesyon konsènan evakyasyon pitit ou apre yon dezas.

\*Nan sityasyon ekstrèm kote lavi a se imeda an danje, pafwa li pa posib pou konplete dokiman anvan yon evakyasyon. ou dwe fè tout efò pou anrejistre omwen bay enfòmasyon senp tankou non timoun nan ak non paran yo, dat evakyasyon ak kote address rezidans li. Dokimantasyon konplè yo ta dwe ranpli byen vit.

## PWOTOKÒL ENTÈZILE LA

Sis zile yo nan Karayib Olandè a, gen yon relasyon sere ak pwolonje. Nan konsekans yon dezas, kèk fanmi evakye pitit yo bay fanmi oswa zanmi pwòch.

Minis Jistis yo te siyen yon pwotokòl entèzile ant zile Olandè Karayib yo. Pwotokòl sa pral asire pi bon identifikasyon, pwoteksyon ak sipò timoun kap vwayaje ant zile san paran yo oswa legal gadyen ki akonpaye yo apre yon dezas.

Anvan yon timoun evakye, san yo pa akonpaye ak yon paran oswa gadyen, Tribunal Gadyen an dwe enfòme.



## TRIBINAL GADYEN

Tribinal la nan Guardianship an se otorite santral la pou la pwoteksyon timoun epi li fe pati Ministè Jistis la. Chak zile nan Karayib Olandè a gen pwòp Tribunal Gadyen pa yo. Yo travay ansanm lè sa nesesè, tankou lè yo evakye timoun apre yon dezas.

### Tribinal Gadyen Sint Maarten

Adrès: E. Camille Richardson Street W-28  
Telefòn: +1 (721) 542 4110 | Ijans / Rapò: 918  
Imèl: report2cog@sintmaartengov.org

Sen Eustatius: +(599) 318 2814 | Saba +(599) 416 3283  
Curacao: +(599) 9 461 6166 | Aruba: +(297) 522 1262  
Bonaire: +(599) 715 8898

## EVAKYE PITIT OU (YO) APRE YON DEZAS

Sis zile yo nan Karayib Olandè a gen yon relasyon sere ak pwolonje. Apre yon dezas, kèk fanmi evakye pitit yo bay fanmi oswa zanmi ki pwòch fanmi an.



**Sèlman evakye timoun (yo) kòm yon dènye desizyon**



## ETAP 1: ÈSKE EVAKYASYON PI BON DESIZYON?

Si w ap konsidere evakye pitit ou a (yo), fè desizyon ou sou sa ki pi bon pou yo. Souvan, timoun yo santi ke yo pi an sekirite ak paran yo (oswa gadyen yo). Lè yo evakye nan yon lòt peyi, yo pral chanje anviwònman yo, komsi aksè nan lekòl regilye ak zanmi yo. Danje pou evakye pitit ou a (yo) san yo pa akonpaye pa paran yo ka lakòz abi ak neglijans.



## ETAP 2: PALE AK PITIT OU YO

Rasanble fanmi w, ansanm ak pitit ou yo, epi fè yon plan katastwòf pou fanmi an. Mete an plas kèk etap sou jan sata dwe rive nan differan senaryo ijans pou kenbe tout moun an sekirite. Pale ak pitit ou yo sou evakyasyon kòm yon posibilité. Di yo sa yo ka atann et ak ki moun yo pral rete. Pèmèt yo pataje enkyetid yo epi poze kesyon.



## ETAP 3: FÈ ARANJMAN

Si ou sèten ke evakyasyon se pi bon desizyon pou timoun (yo) akòz yon dezas, fè aranjman ki nesesè. Asire w ke fanmi oswa zanmi kote pitit ou a (yo) ap rete se moun ou konnen byen epi fè konfyans. Fè aranjman yo klè ak moun kote ya prale a et diskite tout sa'w espere de yo et responsablite yo. Ou dwe tou enfòme otorite yo epi prepare plizyè dokiman pou evakye pitit ou legalman



## ETAP 4: PREPARE DOKIMAN

Rasanble epi fè kopí dokiman enpòtan tankou batistè ak paspò. Dokiman konsantman vwayaj yo obligatwa lè yon minè vwayaje san paran yo / legal gadyen (yo). Dokiman sa ap disponib apre yon dezas nan pwen evakyasyon, tankou kontwòl fwontyè a. Gade lis verifikasyon an nan bwochi sa pou yon apèsi konplè.



## ETAP 5: ANGAJE OTORITE

Si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, kontakte Tribunal la nan gadyen legal. Apre yon dezas, lè ou siyen fòm konsantman vwayaj la nan yon pwen evakyasyon, yo pral enfòme Tribunal Gadyen an ke pitit ou a pral evakye. Tribunal Gadyen an pral enfòme Tribunal Gadyen nan peyi kap resevwa pitit ou.



## ETAP 6: KOMINIKASYON SE KLÈ

Le ou kenbe yon komunikasyon ouvè ak pitit ou li esansyèl pou preparasyon anvan et apre yon evakyasyon. Pandan y ap evakye, pwograme tan regilye pou yo kapab pale ba ou atravè telefon oswa lòt aparèy. Kenbe komunikasyon ak moun k ap bay swen an et avec Tribunal Gadyen an epi mete yo an kouran sou nenpòt nouvo devlopman.

